


Èske Tibebe ou an

Kapab tande ou



Enfòmasyon pou Paran yo

New York State Department of Health

Èske

Tibebe ou an

Kapab tandé

Ou ?

Tout ti bebe ki nan
New York yo gen pou
fè yon kontwòl zòrèy
pou yo.

Li enpòtan anpil pou tandé. Ti bebe ou an bezwen tandé son pou li aprann pale ak dekouvri sa ki antoure li. Tande enpòtan anpil pandan premye mwa yo pou evite difikilte nan langaj oswa travay lekòl alavni.

Yon depistaj se yon verifikasyon rapid pou kapab wè si tibebe ou an tandé.

Swa:

- Tibebe ou an kapab fè tès tandé avan ou kite lopital la, oswa
- Yo pral di w kijan pou fè egzamen tandé pou tibebe ou an toupre lakay ou.

Si tibebe ou an pa t fèt nan yon lopital, ou dwe mande doktè ou an oswa klinik ou an kijan pou w fè verifye tandé tibebe ou an.

Yo dwe verifye si chak tibebe tandé apre li fèt. Si tibebe ou gen yon pèt nan odisyon li, tank ou konnen sa pi bonè, se tank li pi bon. Sou 1000 tibebe, anviwon de (2) rive kat (4) pral gen yon pèt odisyon grav.



Kisa ki lakòz Pwoblèm pou tandé?

Pafwa, nou pa konnen ki koz ki fè yon timoun pa kapab tandé Epi pafwa koz la se:

- Yon mal fòmasyon nan odisyon ki nan fanmi an
- Enfeksyon nan zòrèy
- Menenjit
- Lòt enfeksyon ki grav

Pale ak doktè tibebe w lan oswa klinik la si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.

Kijan yo pral verifye si tibebe ou an tande

Yon moun ki kalifye pral verifye si tibebe ou an tande. Tès Depistaj la pa pran anpil tan. Pa gen pwoblèm si tibebe ou an dòmi pandan operasyon sa a. Pou fè depistaj tibebe ou an, swa:

- Yo kapab mete yon ti aparèy nan zòrèy tibebe ou an, oswa,
- Yo kapab mete yon ekoutè espesyal pou tibebe ou an epi genyen ti kousen fen sou tèt li.

Aprèsa, yo pral jwe ti son epi yo pral teste si tibebe ou an tande.

Ou pral resewwa yon bwochi k ap eksplike ki rezulta tès depistaj tibebe w lan. Tibebe ou an kapab bezwen fè yon dezyèm tès depistaj pou nou kapab rasire li tande. Mouvman tibebe ou an, bri nan pyès oswa prezans likid nan zòrèy aprè akouchman an kapab bay rezulta ki pa bon. Si tibebe ou an bezwen tcheke ankò, n ap fè w konnen kijan pou w fè sa.





Kontwole Pitit Ou an Odisyon ak Pawòl

Majorite ti bebe pral “pase” tès depistaj odisyon an. Sa vle di ti bebe ou an ap tande **kounya**. Menm si tibebe ou an “reyisi” depistaj la, li toujou enpòtan pou verifye odisyon tibebe ou an. Lis kontwòl sa a pral ede w swiv evolisyon odisyon tibebe ou an pandan l ap devlope. Yon bon odisyon ede ti bebe yo pou fè bagay ki nan lis kontwòl sa a. Si ou gen nenpòt enkyetid konsènan odisyon tibebe ou an, nan nenpòt ki laj, rele doktè tibebe ou an oswa klinik lan.

LIS VERIFIKASYON POU YON BON ODISYON*

Soti nan jou akouchman
an pou rive 3 mwa

- Li vin pa fè bri lè y ap pale oswa bri k ap fèt chak jou bò kote li
- Reyaksyon lè gen gwo bri yo: tibebe a ap sote, I ap bat je li, li pa vle tete, kriye oswa leve nan dòmi
- Li fè bri tou piti lè li leve nan dòmi: tibebe a gazouye

Ki genyen ant 3 ak 6 mwa

- Li vire je li oswa tèt li kote bri an ye a: Vwa, jwèt yo k ap fè bri a, chyen k ap jape
- Li kòmanse fè son ki sanble ak pawòl sa yo: "ga", "ooh", "ba", epi son p, b, m.
- Li reyaji lè ton vwa ou chanje

Ki genyen ant 6 ak 9 mwa

- Li reyaji ak son ki dous yo, tankou pawòl
- Li reponn lè ou site non li epi gade lè yo rele li
- Genyen mo ki senp: "no", "bye-bye", "juice".
- Gazouye yo: "da da da," "ma ma ma," "ba ba ba,"

Ki genyen ant 9 ak 12 mwa

- Reponn yon fason regilye ak son fèb epi fò yo
- Repete mo ki senp epi imite son bèt yo
- Montre jwèt oswa manje preferé li yo lè yo mande li

Ki genyen ant 12 ak 18 mwa

- Itilize dis (10) oswa plis mo
- Swiv eksplikasyon vèbal ki senp yo: "Al chèche boul la"
- Lonje dwèt sou moun yo, pati nan kò yo oswa jwèt yo lè yo mande li
- "Bouje" sou mizik

Ki gen ant 18 mwa
ak 24 mwa

- Itilize 20 oswa plis mo
- Melanje de (2) oswa plizyè mo: "plis ji", "kisa sa ye?"
- Itilize plizyè kalite son konsòn nan kòmansman mo yo: b, g, m
- Tande istwa ak mizik ki senp yo

Genyen ant 2 ak 3 lane

- Itilize fraz ki gen de (2) oswa twa (3) mo landan yo
- Nan laj de (2) lane, ou konprann pawòl timoun nan tanzantan (25%-50%)
- Nan laj twa (3) lane, ou konprann pawòl timoun nan pi souvan (50%-75%)
- Li swiv eksplikasyon ki gen de (2) etap yo: "Pran boul la epi mete li nan bwat la"

*Ki adapte nan lis kontwòl Depatman Sèvis Sante California.

Ou kapab oswa dwe verifye si timoun
ou an tande nan nenpòt laj.



Plis Èd pou tibebe ou an.

Si tibebe ou an gen yon pèt odisyon, oswa kapab genyen li, w ap gen bezwen plis èd. Tibebe ki fenk fèt, jèn timoun ki gen bezwen espesyal yo, epi fanmi yo kapab benefisyé èd pwogram entèvansyon prekòs (Early Intervention Program, EIP) ministè sante ki nan Eta New York. EIP ofri yon depistaj ak tès odisyon, ak sipò pou ou menm, tibebe ou an, ak fanmi ou. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele doktè ou an, klinik ou an oswa EIP ki nan konte oswa awondisman ou an.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou tès odisyon pou tibebe ki fenk fèt oswa EIP a, rele nan: **(518) 473-7016**

Oswa, al gade nan sitwèb pwogram entevansyon prekòs nan:

**[www.health.ny.gov/community/infants_children/
early_intervention/](http://www.health.ny.gov/community/infants_children/early_intervention/)**

Pou jwenn EIP ki nan zòn ou an, rele nan:

Liy Dirèk Growing Up Healthy

24 èdtan pa jou

1-800-522-5006

TTY: 1-800-655-1789

Nan Vil New York: **311**

Èske Tibebe ou an

Kapab tande

Ou ?

Si ti bebe ou an fèt nan yon lopital ki nan Eta New York, ou pa gen pou bay tèt ou pwoblèm. Yo fè yon kontwòl zòrèy pou tout ti bebe ki fèt nan New York.

Swiv nou sou:
health.ny.gov
facebook.com/NYSDOH
twitter.com/HealthNYGov
youtube.com/NYSDOH

